



Mothers' Milk Bank Northeast

DONATÈ LÈT AK TI TIBEBE W

Felisitasyon pou fanmi w kap grandi!

Kòm ou konnen, lèt manman an pi bon pou tibebe a. Lèt tete gen anpil bon bagay pou ede tibebe yo grandi ak pou pwoteje yo kont maladi.

Pandan w ap ogmante pwovizyon lèt ou, founisè swen sante w ta renmen bay tibebe w la lèt Pasterize Donatè Imèn (PDHM) ki soti nan Mothers' Milk Bank Northeast. Lòt manman bay lèt yo nan bank lèt nou an, pou ti bebe ki bezwen li yo ka resevwa l jiskaske yo devlope yon lòt plan manje alontèm.



ÈSKE LI AKSEPTAB POU M BAY TI BEBE M NAN LÈT YON Lòt MANMAN?

Pou tout istwa imen, manman yo te pataje lèt ak tibebe lòt fanm yo. Men, medikaman ak maladi ka pase nan lèt manman an, kidonk ou vle asire ke lèt tibebe w la ap pran an sekirite.



ÈSKE LÈT DONATÈ NOU AN SEKIRIZE?

Nou poze chak donatè lèt anpil kesyon sou sante l. Li fè yon tès san. Nou mande kesyon sou tout medikaman lap pran, menm medikaman san preskripsyon ak medikaman a baz plant. Si yon manman donatè vin malad, li pa p voye lèt ba nou jiskaske li fin refè.

Nou chofe lèt la pou nou touye mikwòb, epi teste chak pakèt anvan nou voye l deyò. Si rezilta tès yo pa bon, nou jete lèt la, kidonk lèt tibebe w la ap resevwa a an sekirite.

HAITIAN CREOLE





Mothers' Milk Bank Northeast

DONATÈ LÈT AK TI TIBEBE W



E OSIJÈ BWÈ, FIMEN AK DWÒG?

Manman ki fimen oswa ki pran dwòg lwazi pa ka bay lèt yo. Si yon manman bwè, li dwe tann 6 èdtan anvan li ponpe lèt pou voye ba nou.



ÈSKE TRETMAN CHALÈ TOUYE BON BAGAY NAN LÈT TETE A?

Tretman chalè diminye kèk nan bon bagay nan lèt tete. Anpil nan pi bon bagay yo rete apre chofaj. Sa yo ede tibebe w la grandi epi konbat maladi. Anpil nan bagay sa yo pa nan lèt an poud la. Se poutèt sa founisè swen sante w ta renmen ou itilize lèt donatè nou an.



ÈSKE OU GENYEN NENPÒT LÒT KESYON?

Si w gen lòt kesyon, tanpri pale ak doktè w, fanmsaj ou, oswa konsiltan laktasyon; vizite sit entènèt nou an www.milkbankne.org; oswa rele nou nan 617-527-6263.

MILKBANKNE.ORG/RECEIVE



APRANN PLIS:

WWW.MILKBANKNE.ORG



KIJAN POU

ESTOKE, DEKONJLE AK CHOFE LÈT DONATÈ



ESTOKE LÈT

- Konsève tout lèt donatè yo nan frizè a.
- Mete boutèy yo nan dèyè frizè a, lwen pòt frizè a.
- Itilize boutèy ki gen dat ekspirasyon pi bonè yo anvan.
- Lèt donatè pasterize yo te bay tibebe w la men ki poko fini, yo dwe mete l nan frijidè epi yo dwe manje nan **2 èdtan**.



DEJELE LÈT

- Lèt donatè yo ka dekonjle nan yon veso ki gen dlo tyèd.
- Dlo a dwe kouvri lèt la nan boutèy la men li pa dwe touche kouvèti a.
- Pi bon metòd pou dekonjle lèt donatè imen an se lannwit nan frijidè a pou yon dekonjle dousman.
- Lèt la ka rejele si li toujou nan veso kristal glas.
- Yo ta dwe itilize lèt ki konplètman dekonjle nan **96 èdtan**.
- Lè lèt la konplètman dekonjle, yo ta dwe souke boutèy la dousman pou melanje sa ki ladan l.



RECHOFE LÈT

- **Pa janm** chofe lèt donè imen nan mikwo-onn.
- Ou ka chofe yonsèl manje lè w mete kanpe veso lèt la nan dlo tyèd oswa kenbe l anba dlo tyèd k ap koule. Kenbe bouchon an sèk.